

Kisa k ap pase nan Lekòl Leta Vil Nouyòk

Shiko këtë dokument në shqip

عرض هذه الوثيقة باللغة العربية

এই নথিটি বাংলা ভাষায় দেখুন

查看本文件的简体中文版本

查看本文件的繁體字中文版本

Consultez ce document en français

Gade dokiman sa a an Kreyòl ayisyen

이 문서를 한국어로 보십시오

Документ на русском языке

Consulte este documento en español

Переглянути цей документ українською мовою

اس دستاویز کو اردو میں ملاحظہ کریں

Ushbu hujjatni ichida ko'ring O'zbek

schools.nyc.gov/MessagesForFamilies

Avril 2026

Mizajou pou fanmi sa a bay enfòmasyon konsènan òf pwogram Summer Rising, mizajou sou admisyon, sondaj lekòl Vil Nouyòk, yon nouvo asistans pou lang otomatik ak aktivite pou mwa avril.

Kontni

- [Òf pwogram Summer Rising 2026](#)
- [Dat enpòtan pou admisyon](#)
- [Sondaj 2026 Lekòl NYC](#)
- [Èd pou lang otomatik](#)
- [Aktivite ak rapèl pou mwa avril](#)

Rezilta pwogram Summer Rising

Kòmanse **madi 21 avril**, fanmi ki te voye aplikasyon [Summer Rising](#) ale nan delè 27 mas la ka konekte nan [MySchools.nyc](#) pou wè rezilta yo. **Plas Summer Rising yo limite**—tanpri aksepte òf pitit ou a sèlman si w konnen pitit ou a pral patisipe nan pifò pwogram li enskri pou yo a. Rechèch montre plis elèv patisipe se plis l ap byen prepare pou reyisi nan matematik ak lekti pou otòn lan.

Dènye jou pou aksepte òf Summer Rising lan se madi 5 me—si w aksepte òf la, asire w reponn nenpòt kesyon ki obligatwa pou asire plas pitit ou a! Yo p ap konfime plas Summer Rising elèv san fanmi pa aksepte òf yo fè yo a nan delè a; **pitit ou a p ap nan pwogram lan otomatikman**. Lè w aksepte yon òf, sa pa pral afekte chans pitit ou a pou jwenn yon òf sou lisdatant nan yon lòt pwogram pi ta.

Dat enpòtan pou admisyon

Aplikasyon nan pi gwo klas yo pou elèv ki gen don ak talan (Gifted and Talented, G&T) ap kòmanse 20 avril

Pwogram G&T yo ofri enstriksyon akselere pou elèv lekòl primè ki elijib nan vil la. Si pitit ou a pral nan klas 1ye, 2yèm, 3yèm oswa 4yèm ane pandan ane lekòl 2026–2027 la epi li elijib dapre nòt nan kanè li, li ka patisipe nan pwosesis admisyon G&T pou otòn 2026 atravè [MySchools.nyc](#). Fanmi elèv ki elijib yo pral resevwa yon imèl ak/oswa yon lèt pa lapòs k ap envite yo aplike pou G&T. Aplikasyon ap fèmen **vandredi 8 me**. Jwenn plis

enfòmasyon nan schools.nyc.gov/GT epi verifye enfòmasyon sou mwayen pou yo kontakte w yo kòrèk nan MySchools.nyc.

Òf pou kindergarten ak lekòl presegondè

- Si w te aplike nan kindergarten pou otòn 2026 nan delè 23 janvyè 2026 la, w ap resevwa òf kindergarten pitit ou a **31 mas 2026**. Fanmi dwe aksepte òf yo fe yo nan delè 1ye me a pou asire plas yo pou otòn lan.
- Si w te aplike nan lekòl presegondè pou otòn 2026 nan delè 12 desanm 2025 lan, w ap resevwa òf lekòl presegondè pitit ou a **15 avril 2026**.

W ap resevwa yon imèl avèk enfòmasyon sou pwochen etap yo, lè òf pitit ou a ak sou nenpòt lisdatant li sou li (si sa aplikab) disponib nan MySchools. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kòman yo fè òf, ale sou schools.nyc.gov/MS ak schools.nyc.gov/K.

Sondaj 2026 Lekòl Vil Nouyòk

Yo pwolonje delè pou ranpli [sondaj lekòl NYC](https://NYCSchoolSurvey.org) pou **17 avril 2026**! Fanmi ak elèv NYCPS ki nan klas 6yèm ane rive 12yèm ane ka pataje opinyon konfidansyèl dirèk k ap ede nou amelyore lekòl nou yo pou ane pwochen ak lòt ane kap vini. Voye sondaj ou a ale jodi a pa lapòs oswa sou entènèt nan youn nan 13 lang ki disponib yo nan NYCSchoolSurvey.org.

Nouvo èd pou lang otomatik

Kominike avèk lekòl pitit ou a vin pi fasil! Tout manm estaf NYCPS gen aksè nan Hello! kounye a, yon zouti dijital pou sipò reèl, tradiksyon ak entèpretasyon otomatik pou konvèsasyon chak jou nan lang fanmi NYCPS yo pale plis. Hello! pa ranplase tradiksyon ofisyèl pou komunikasyon enpòtan oswa sèvis entèpretasyon pou reyinyon ki pwograme; pou jwenn sèvis sa yo, tanpri kontakte lekòl ou a.

Aktivite ak rapèl pou mwa avril

- Lekòl ap fèmen **2–10 avril 2026** pou vakans prentan.
- Pwochen Jounen aksyon pou pwoteje klima **se 22 avril**! Jwenn resous ak aktivite nan schools.nyc.gov/ClimateAction.
- Jwenn kalandriye pou pwochen egzamen eta NY yo pou mwa avril ak me nan schools.nyc.gov/TestCalendar.